ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№44 (22.952) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 13, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Семэн П.Г. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. НэгъуэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм кьыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къулыкъур щхьэщыхьн Семэн Пщыкъан Григорий и къуэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІыр ягъэувыжу, абы и къулыкъур игъэззщІэну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Щоджэн Щыхьым Хьэталий и къуэм.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 11-м
№37-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэсыр зэрэщрагъэкІуэкІам кьрикІуахэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэсыр зэрэщрагъэкІуэкІам кьрикІуахэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ М. Л. кьыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, муниципальнэ районэмрэ кьалэ округэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр хьумэнымрэ абыхэм цІыхухэр щыгъуазэ щыІынымрэ, щэнхабзэмкІэ республикэм и кьэрал Іуэхущапіэхэм, кьуажэ щІыналъэхэм щыІэ щэнхабзэ унэхэм я мылъку-техникэ зэфІэкІыр гъэбыдэным хэзгъэзэа лэжьыгъэм адэкІи пащэну;

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэсыр щегъэкІуэкІыным хиубыдэу яубыхуауэ щыта Іуэху псори гъэззэщІэныр кьызэрагъэпэщыну;

3) курыт щІэныгъэ щыгъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щеджэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щаубыхуа маршрутхэм тету музей зэмылІэужьыгъуэхэм щІэхщІэхыуэ егъэпІыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм хэлъэну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну кьалэн щыщІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьыныжьмкІэ, цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 26-м
№206-П-П

ЗэгурыІуэр фІыщ

● ЗэІущІэхэр

КЪБР-м и Правительствэм щекІуэкІащ республикэм ис лъэпкъхэмрэ щыІэзрахьэ динхэмрэ я Іуэхукіэ зэпымыууэ лажьэ гупым и япэ зэІущІэ. Абы хэтащ Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, абы и къуэдзэ, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ.

АБы теухуауэ къэпсэлъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыІэ щытыкІэр къигъэнэІуащ КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщі **КІурашин Анзор**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу лъэпкъ зэхуэмыдэу 100-м нэблагъэ. Мыбы щыІэщ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухэзныгъэу 20. Республикэм щыпсэухэм нэхъыбэу зэрахьэр мусылымэн, чыристан динхэрщ. ЩыІэщ динзэгухэзныгъэу 186-рэ. Абыхэм ящыщу 134-р - мусылъмэнхэм я зэгухэзныгъэщ, 20-р чыристанхэм ейщ, протестантхэм - 26, урым-католикхэм 3, иудейхэм зы яІэщ, - жиІащ КІурашыным. Кьыхигъэщащ динырыплажьхэкІи я щІэныгъэм хагъэхъуэн хуэІуэ къызэрыльытэри. Абы папщІэ ирагъэкІуэкІынущ муниципалитетхэм я администрацэхэм дин Іуэхум и кьудамэр зыІыгъ я кьуэдзэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэнымкІэ курсхэмрэ семинаррэ.

КІурашын Анзор зэрыжиІащи, лъэпкъхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу ядэмыгъэхъуэным кІэлъоплъ, зи дин зэтемыхуэхэм я зэхущытыкІэр тэмэм зэрыхъунур яубзыхуу КЪБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ республикэм ис лъэпкъхэмрэ абы щызэрахьэ динхэмрэ я Іуэхукіэ зэпымыууэ лажьэ гупымрэ.

- Муниципалитетхэмрэ кьалэхэмрэ щолажьэ администрацэхэм кьегъэщІылІа жылагъуэ советэр, дин зэгухэзныгъэхэм я Іуэхукіэ щыІэ комиссэхэр, - пищащ КІурашыным. Ар кьэзгъеувыІащ лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэр гъэбыдэн, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр зэгурагъэІуэн папщІэ республикэм щрагъэкІуэкІ Іуэхуэхэм. Кьыхигъэщащ «Щабэу, гуапэу зэхущытыным кьыхудоджэ» конференцым КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, динхэм я лэжьакІуэхэр, Урысейм и щІэныгъэлІэхэр, ежьапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэр зэрыхэтар.

- КьызыжькІам зи динкІэ зэтемыхуэу Урысейм и щІыналъэхэм щыпсэухэм я Іуэхукіэ 2013 гъэм и гъатхэм щегъэжьауэ 2014 гъэ пщІондэ Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр джыныжьмкІэ центрым иригъэкІуэкІа кьэхутэныгъэм кьызэригъэлъэгъуащи, щыпІэм кьыщыхьу лъэпкъ зэпэщІэуэм и гуащІагъ и лъэныкъуэкІэ щыналъхэр гупитхуу бгъэш мэхъу. КЪБР-р жеубыдэ Амур, Белгород, Брянск, Вологодск, Еврей областхэр, Ингушэ Республикэр зыхэт етхуанэ гупым, - кьыхигъэщащ абы и псалъэм. Ар ІейкъшІ, щыхьэт зытетхъуэри ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку пщІэрэ нэмысрэ зэрыдэлъырщ.

ЗэІущІэр зытеухуауэ щытам и лъэныкъуэкІэ районхэм я Іуэху зыІутым тепсэлъыхьащ Прохладнэ, Шэрэдж щІналъэ администрацэхэм я унафэщІхэу **Говоров Сергейрэ Муртазов Борисрэ**.

НАФІЭДЗ Заремэ.

Ди къуажэхэр газымрэ псымкІэ нэхъыфІ дыдэу къызэгъэпэщахэм ящыщщ

2014 гъэм кьрикІуахэм ятеухуауэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм кьита бжыгъэхэм ятепщыхьымэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я кьуажэхэм ящыщу газымрэ ирафын псымкІэ нэхъыфІ дыдэу къызэгъэпэщахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэщ.

Республикэм и кьуажэхэм щыпсэу унагъуэхэм я процент 98,8-м газыр, процент 85-м зэфэну псыр бжьамийкІэ ІокІуачІэ. Зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и жылагъуэхэм дэсхэм ящыщу газыр процент 80,3-м (Урысейм - процент 60,2-м), псыр процент 66,4-м (Урысейм - процент 57,4-м) яІэрыхьэу аращ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

КЪБР-м и Іэтащхьэм къигъэувахэр зэрагъэззэщІэнур яубзыху

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм республикэм и закон зыбжанэм я проектхэм щыхэлъащ. Абыхэм ящыщщ «ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым и унафэкІэ кьэрал кадастр уасэхэр гъэувынырэ зэрырагъэкІуэкІым и Іуэхукіэ» законопроектыр. А документыр кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщрилъхьэм КЪБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щыІэпсэр хьумэнымкІэ, щыІэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мокаев Кемал** зэрыжиІамкІэ, ар ягъэхьэзыращ «Урысей Федерацэм уасэхэр убзыхуныжьмкІэ щрагъэкІуэкІ Іэжьыгъэм и Іуэхукіэ» 1998 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м кьащта Федеральнэ закон №135-ФЗ-м и 24.12-нэ статьям кьигъэувкэм еэзгъыу икІи абы зэблегъэкІ щыІпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым и унафэкІэ КЪБР-м и щІыналъэм кьэрал кадастр уасэхэр щыгъэувынымкІэ, зыхуэфащэ муниципальнэ районым е кьалэ округым и щІыналъэм кьриубыдэу кьэрал кадастр уасэхэр гъэувынымкІэ лэжьыгъэхэр щегъэкІуэкІыным теухуауэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым итха лъэІур КЪБР-м и Правительствэм диІыгъамэ, а щІыналъэм щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым кьищта унафэм ипкъ иткІэ кьэрал кадастр уасэхэр щыгъэувынымкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ.

ЗэІущІэм хиубыдэу депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ махуэхэмрэ фэеплъ пІалъэхэмрэ я Іуэхукіэ» КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм игъэхьэзыра законопроектым, апхуэдэу «Административнэ комиссэхэр кьызэгъэпэщыныгъэ абыхэм я Іэжьыгъэр зэтеуэгъэныжьмкІэ, административнэ кьуаншагъэхэр зэралэжьамкІэ протоколхэр ятхыну полномочиехэр зиІэ къулыкъущІэхэр убзыхуныжьмкІэ кьэралым и полномочие щхьэхуэхэр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм етыным теухуауэ» законопроектым.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэлъэгъуа документхэр, абыхэм Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьа иужь, депутатхэмрэ зыхуэфащэ органхэмрэ хэпльэн папщІэ хуагъэхьащ.

Парламент зэдалэжьэныгъэм хиубыдэу депутатхэр хэплъащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэр кьэзэрыщыхьуам, апхуэдэу закон пыухыкІахэр гъэхьэзырыным я лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэхэм я парламентархэм кьагъэхьа тхыгъэхэм.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр кьыдэгъэкІыныжьмкІэ лэжьыгъэр 2014 гъэм зэрыщекІуэкІам теухуауэ» КЪБР-м и Парламентым и докладым и проектым. Депутатхэм кьаштащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. 2015 гъэм мазаем и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэззам кьыщыгъэува Іуэхуэхэр гъэззщІэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм я планыр. Абы кьыхэзрыщыгъэлъэгъуамкІэ, республикэм и Іэтащхьэм иубзыхуа кьалэнхэр гъэззщІэным хэзунэтІа законопроектэу 19 ягъэхьэзырынущ, парламент едзІуэныгъэу 3, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр кьызрихьэлІэну зэІущІэу 12 къызэрагъэпэщынущ. Къэув кьалэн нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьынущ Президиумым и зэІущІэхэм хиубыдэу Правительствэм щыхуах зэманхэм, апхуэдэу комитетхэм нэгъуэщІ щыпІэхэм щрагъэкІуэкІыну зэІущІэ 18-м. Планыр зэрагъэзащІэм техуха информацэ зыхуэфащэ комитетхэм мазищ кьэс иратынущ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым.

ЗэІущІэм кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьыным куэд зэрыхащІыкьам папщІэ КЪБР-м и Парламентым и Щыхь тхыпІыр ираташ Хэку зауэхуэм и ветеранхэу Астанин Петр Николай и къуэм, Бессмертный Пётр Пётр и къуэм, Булгаков Иван Тимофей и къуэм, Гындыгъу Музэчыр Тембот и къуэм, Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэм, Кастарнов Василий Егор и къуэм, Куныжь Хьэсэнбий Мысхьуд и къуэм, Кривокрысенкэ Павел Фёдор и къуэм, Марченкэ Сергей Фёдор и къуэм, Ромашкэ Александр Евлампий и къуэм, Сердюков Михаил Николай и къуэм, Соломатин Иван Василий и къуэм, Ульбашев Хъусей Чокка и къуэм, Хазан Борис Григорий и къуэм, Цыбин Пётр Прохор и къуэм, Шайн Владимир Фёдор и къуэм, Шпитальный Николай Иван и къуэм. Апхуэдэу ухуэныгъэм и Іэнатіэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ ЩІыхь тхылъ хуагъэфащащ «Налшык» сату комплекс» акционер зэгурыкІуэныгъэ зэІухам и техническэ директор Къэзан Хьэзрэталий Хьэцу и къуэм.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэми щыхэплъащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● Хъыбар гуапэ

Махуэм къыпэлъэщын къэралым искъым

Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и чемпионат Санкт-Петербург щокІуэкІ. Абы япэу текІуэныгъэр къыщихьащ Махуэ Билал.

СПОРТ бэнэкІэм дихьэххэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ мазэ зыбжанэ хъуауэ топсэлъыхь бэнэкІэ хуитымкІэ дуней псом щэнейрэ и чемпион, 2012 гъэм екІуэкІа Олимпиадэм жэз медалыр кьыщызыхьа, Европэм щытекІуэ Махуэ Билал алыдж-урым бэнэкІэми зэрыхьыхьам. Зэрыхьыхьари дапхуэдэу?! Нэгъабэ и кІэухым Ташкент щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм занщІэу ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Абы кьыкІэлъыкІуэну Урысей Федерацэм и чемпионатми ерыщу зыхуиГъэхьэзыру щІидзащ.

Бэнэкіэ хуитымкІэ Махуэ Билал кьэралым плІэнейрэ щытекІуащ. Иджы алыдж-урым бэнэкІэм и зэфІэкІхэр кьыщигъэльэгъуэну и чэзыр кьэсащ. Абыи куэдрэ зыпигъэплъакъым. Килограмми 130-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм кьыщыпэлъэщын Урысей Федерацэм и чемпионатым кьрихьэлІакъым. Вэсэмахуэ абы и хьэрхуэрэгъу псори хигъэщІащ икІи хуэфащэ дыдэу дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ. Мордовием кьикІа, Европэм и чемпион Паршин Василий абы финалым щыхигъэщІащ.

Махуэ Билал Санкт-Петербург кьыщихьа текІуэныгъэр Урысей Федерацэм и спорт бэнэкІэм и тхыдэм хыхьащ. Абы и пэкІэ нэхъапэм зыми хузэфІэкІакъым бэнэкІэ хуитымкІи алыдж-урым бэнэкІэмкІи зыгуэр кьэралым и чемпионатым щытекІуэну. Махуэр - япэщ. Адэкіэ Европэми, дуней псоми, Олимп Джэгуэхэми я тхыдэхэм апхуэдэ дыдэу хьыхьэну дыщогугъ - абы иджыри и кьару илъыгъэщ.

Зэхьэзэхуэр ияха иужькІэ Махуэм и тренерхэм ящыщ Сажидов Сажид и гуфэгъуэр гъунапкъэншэт. «Билал хуэдэ дунейм теткъым, - жиІащ абы. - Ар лІы нэсщ. Абы и адэ-анэр, кьызыхэкІа лъэпкъыр иригушхуэ хъунущ. Апхуэдэхэращ ди щІалэгъуалэм щапхъэ зытрахьпхъэр».

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Билал и Іэфракіэр аргуэру игъэуэзыжащ икІи дохутырхэр зригъэлпІыну Германием кІуэн хуэйщ. Псори тэмэму кьыщІэкІмэ, ар хэтынущ нахьыгъэм и пэщІэдзэм Дагъыстэным и Каспийск кьалэм щыІэну Урысей Федерацэм и зи чэзу чемпионатым - иджы бэнэкІэ хуитымкІэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Ди еджапІэ нэхъыщхьитІ нэхъыфІхэм хабжэ

Инджылызым къыщыдэкІ Times Higher Education журналым дунейм щынэхъыфІ еджапІэ нэхъыщхьэу щэм яхибжаш Урысейм ейуи тІу. Ахэр Москва, Санкт-Петербург кьалэхэм дэт кьэрал университетхэрщ.

МКъУ-м 25-нэ увыпІэр кьыльагъэсащ, Санкт-Петербург кьэрал университетымрэ нэгъуэщІ еджапІэ нэхъыщхьэ зыбжанэмрэ 71-нэ – 80-нэ увыпІэхэм щытщ.

ЕджапІэ нэхъыфІ дыдэу аргуэру кьалъытащ США-м щыІэ Гарвард университетыр. Иджы илъэс етхуанэ хъуауэ бжьыпэр иныгъ я еджапІэ нэхъыщхьэм. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр хуагъэфэщащ Инджылызым и Кембридж, Оксфорд университет цІэрыІуэхэм.

УвыпІэхэр зыгуэшахэр дунейм пщІэшхуэ дыдэ щызиІэ академиихэрщ. Кьэрали 140-м щыщ щІэныгъэлІ минипщым я Іуэху еплъыкІэхэр зэпалъытащ еджапІэ нэхъыфІхэр кьыщыхахым.

Назарбаев Нурсулътіан и кандидатурэр къагъэлъагъуэ

Мэлыжьыхьым и 26-м Къазахъстаным щекІуэкІынущ зи мыч ІэнатІэ зэрыщыІэм президент хэхьыныгъэхэр. Къэралым и иджырей унафэщІ Назарбаев Нурсулътіан и кандидатурэр къигъэлъэгъащ ар зи унафэщІ «Хэкум и нэху» партым.

А къэралым и унафэр лІэщІыгъуэ пІланэм нэблэгъауэ зыІэщІэлъ, зи ныбжьыр илъэс 74-рэ хъуа Назарбаевыр партым кьыхилъхьа апхуэдэ жэрдэмым арэзы щыІтехьуам и гугъу щищІым жиІаш: «Ди ехьулІэныгъэхэр я лъабжьэу дэ адэкІи пытщэн хуейщ ди кьэралыгъуэр гъэбыдэным, нэхъыри лъэщ дыхъуным хуэгъэзауэ кьетхьэжьа Іуэхуэм. Си кандидатурэр кьагъэлъэгъуну арэзы сышІэхъуам и лъабжьэри аращ - си мурадщ зыхуэдгъэувыжа кьалэныш-хуэхэр гъэззщІэным, ди цІыхубэм я кьарур ІуэхущІэхэм хуэзщІэгъэуІуэным сытелэжьэну. Дуней щытыкІэм зихъэжащ, упсэуну нэхъ гугъу хъуащ. Кьэрал псори апхуэдэ Іуэху мыщхьэпэхэм Іуащ икІи дэ ди кьалэнщ ди цІыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр дэнэ щыпІи щыпхьдгъэкІыну, абыхэм я псэукІэр едгъэфІэкІуэну».



♦Кьалмыкъ усыгъэм и маХуэщ

♦1733 гъэм Франджы литературэм и классик **Аиссе (ХьэІишэт)** дунейм ехыжащ.

♦1917 гъэм «Известия» газетым и япэ номерыр кьыдэкІащ.

♦1955 гъэм ШынагъэншагъэмкІэ Кьэрал Комитет (КГБ) кьызэрагъэпэщащ.

♦Композитор, УФ-ми КЪБР-ми гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ **Шейблер Трувор** кьызэралъхуря илъэси 115-рэ ирокъу.

♦СССР-мрэ УФ-мрэ я Гимнхэм я псалъэхэр зытха усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь, Лениным и цІэкІэ щыІэ, СССР-м и Кьэрал саугъэтэм я лауреат **Михалков Сергей** кьызэралъхуря илъэси 102-рэ ирокъу.

♦УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Шумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и метролог, КЪБР-м промышленностымкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Шурдым Юрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Кьэрал лэжьакІуэ, социологием и доктор, профессор, ЩДАА-м. Социальнэ щІэныгъэхэмкІэ академием я академик, АКъУ-м и ректор **Хъунэгу Рашид** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Іэрэмысэ Ринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщІэхьнущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жащым градуси 5 - 7 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бэдж пэтрэ Іэужь трах.

Адэжь хэкум къэзыгъэзэжахэм гулъытэ хуащІ

● Зэпеуэ

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэм щылажьэхэм папщІэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэм, «Адэжь хэку: Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я республикэщ» зыфІащауэ щытам, щытекІуахэр ягъэлъэпІащ гъатхэпэм и 5-м.

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэмкіэ кьалэну зыхуагъэувыжыр адэжь щыналъэм къэзыгъэзэжахэр зыгъэпІейтеймрэ абыхэм ди щыІэкІэ-псэукІэм зэрызыхагъэзэгъэжьмрэ зэрыбергъащІэ Іэмалхэмкіэ кьэгъэлъэгъуэныгъ.

КЪБР-м Граждан обществэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ институтхэм ядэлажьэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Герговэ Джамбулат** зэІущІэр журналистхэм яхуэгъэза псалъэкІэ кьыщэІуихащ.

- Хуабжьу си гуапэщ зэпеуэм кьыхихьэ журналистхэм я бжыгъэр илъэс кьэс нэхъыбэ зэрыхъур. Мы гъэм зэпеуэм журналист 30-м я лэжьыгъэ кьагъэхьат. Дыщогугъ дяпэкІи ди хэкуэгъуэхэм ятеухуауэ яГъэхьэзыр лэжьыгъэхэр нэхъыбэ хъуну. Абыхэм я фІыгъэкІэ гулъытэ яГуэтынущ хэкум кьэзыгъэзэжахэм. Ар куэд и уасэщ, - жиІащ Герговым.

«Теленэтын нэхъыфІ» Іыхьэм япэ увыпІэр **Суановэ Залинэ**, етІуанэр **Кьэтей МуІэед** кьыщихьащ. Радионэтын нэхъыфІу кьалъытащ **Теувэжыкъуэ Марианнэ** и лэжьыгъэр, етІуанэ увыпІэр кьэзыхьар **КІэбышэ Эльмирэщ**, ещанэр **УнащІэ Заринэщ**. Газетым кьытехуа тхыгъэмкІэ пажэ хъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ **Щомахуэ Залинэ, Нэщіэпыджэ Замирэ** етІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ, ар корреспондент **Щоджэн Іэминатрэ** «Заман» газетым и лэжьакІуэ **Хулаевэ Марзиятрэ** ещанэ увыпІэр зэдагуэщащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Зэпеуэм щытекІуа Щомахуэ Залинэ, Щоджэн Іэминат, Хулаевэ Марзият, Кьэтей МуІэед, КІэбышэ Эльмирэ сымэ.
Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

● КъБР-м и Правительствэм

Къалэн пажэхэр ягъэбелджылыж

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм республикэм псэукIэр щегъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iуэху 30-м щIигъум щыхэплъащ. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий.

ЦIыху зэхуэсыпIэхэм мафIэс къыщымыхъунымкIэ КъБР-м и Правительствэм къищта унафэр гъэзэщIа зэрыхъум тепсэлъыхьащ УФ-м Граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ дунейм и къэхъуэкащIэхэм я Iэужьыр гъэзэкIуэжыныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил.

2014 гъэм цIыху зэхуэсыпIэхэм мафIэсу 4 къыщыхъуащ, абы цIыхуцхъэ хэкIуэдакъым, ауэ сом мини 152-рэ и уасэ мыльку хисхащ. ЦIыху зэхуэсыпIэхэм мафIэс къыщымыхъуным ехьэлIауэ ди республикэм щызэфIах Iуэхухэм я фIыгъэкIэ мащIэ хъуащ мафIэсу къэхъумрэ абы хэщIыныгъэ къыщэмрэ. Псори зэхэту республикэ бюджетым щыщу а Iэхухэм сом мелуан 708-рэ мин 900-рэ трагъэкIуэдэну ягъэбелджылати, абы щыщу иратар сом мелуани 120-м нэблагъэщ. Абы къыхэкIащ мафIэсым щызыхъумэ Iэмэпсымэхэр Iэхуэщ1аIпIэ миным щIигъум трагъэувэн мурад яIамэ, 400-м фIэкIа зэрахуэфIэмыкIар. Надежиным къызэригъэлъэгъамкIэ, нэхъыбэу зыгъэгузавэр уэшнэшагъэр хъумэным пыщIа, щIэныгъэ щIагъэгъуэт Iуэхущ1аIпIэхэрщ. Иджыри сабий гъэсапIи 172-м, медицинэ Iуэхущ1аIпIэ 33-м а Iэмэпсымэхэр щагъэувыну къапэщылъщ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Лыхъ Заур** и гугъу ищIащ 2015 гъэм, 2016 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъум. Лыхьым жиIащ 2015 гъэм къалэну зыхуагъэувыжар и эманым ягъэззэщIэным зэрыкуцIэкIыр.

КъБР-м щIы Iуэхуэхэмрэ мыльку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Бышэн Аэрэт** и гугъу ищIащ Шэджэм, Аруан щыIэ административнэ Iуэхущ1аIпIэ, нэгъуэщI уху ягъэнагъэхэри щащIыну гектари 10,3-рэ хухахащ, Аруан куейм гектари 3,2-рэ кхъэ ящIыну иратащ.

КъБР-м уху ягъэнагъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор** Налшык Кадыровым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет общежитым щIэсхэм унэщIэ хуахуэзн папщIэ пIалъэ кIыхькIэ къэрал зэгурыIуэныгъэ зэщIыпIэным хуэгъэпса унафэм и гугъу ищIащ. Уху ягъэнагъэр 2015 - 2016 гъэхэм зэфIагъэкIыну я мурадщ, республикэ бюджетым къыхэкIыу а Iуэхум сом мелуан 280-рэ трагъэкIуэдэнущ.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министр **Гуэбэшы Залым-Джэрий** 2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м промышленностымрэ сатумрэ зыщегъэужьыныжмкIэ къэрал программэм и гуэдэнхэм къытеувыIащ. Программэм гуэдэнищ иIэщ, ахэр хамэ къэрал къраш хьэпшыпхэм фIагъкIэ ятеувыфын ди щIыпIэм къыщыщIэгъэкIыным, ди республикэм сатум зыщегъэужьыным, щхэкIуэм и хуитыныгъэр хъумэным хуэгъэпсащ. Псори зэхэту а Iуэхуэхэм хухахар сом мелард 37-рэ мелуан 620-рэ мэхъу. Абы щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 59-рэ, республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 130-рэ, адрей мелард 37-рэ мелуан 430-р бюджетым хэмыхьэ хэхъуэщ. Министрыр щхьэхуэу къытеувыIащ Тырныауз деж бгы-металлургие Iуэхущ1аIпIэр щахуэным, «Тэрчналмэс» заводыр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ къапэщылъ лэжьыгъэм.

Iэщ1агъэпI ныбжьыщIэхэм, унагъуэщIэхэм уэнэ яухуэн е къращIэхун папщIэ къэралыр зэрадзIэпыкъуфынур яубзыхун мурадкIэ, 2015 гъэм и япэ мазихым къащхьэ зэхуэсыпIэ метр зэбгъуэзанатIэм щиуасэнур ягъэуващ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и мэзаем - КъБР-м мэкъуэщ хозяйствэмкIэ и министр **Дадэ МуIэд** къызэригъэлъэгъуамкIэ, ди республикэм метр зэбгъуэзанатIэм щиуасэр 2014 гъэм сом мин 18,517-рэ хъууэ щытащ, инфлацэр къэлъытауэ, 2015 гъэм къуажэм дэт псэупIэ метр зэбгъуэзанатIэм сом мин 20,100-рэ уасэу хуагъэуващ. Къуажэм щыпсэу унагъуэщIэхэм, абы щылажьэ Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм а уасэм тещIыжыну зэрадзIэпыкъунур.

ЗэIущIэм къыщызэдащтащ къэкIыгъэ зэхуэмыдэхэр зыгъэкIхэм «несвязнэ» дэIэпыкъуныгъэ (республикэ, федеральнэ бюджетхэм къыхэкIыу къэкIыгъэ зытращIэну зы гектарым зэрелажьэн субсидиеу. Мэкъумэш IэнатIэм щылажьэхэм я къалэн нэхъыщхьэр а ахъшэр гъатхэсэм кърищагъэсэбэпыныр, щIым халтхъэ хущхъуэ, жылэ, н.къ. къращхуну) етыным хуэгъэпсэ хабзэр. ДипкIэ субсидиер зратыну щIы IыхьэзэмкIэ къалэ, щIыпIэ администрацэхэм я арэзыныгъэ хуеинукъым, апхуэдэуи субсидие къеIызыхьну зи мурадым бдэжэнд уасэ щIыхуэу телърэ темыльрэ къигъэлъэгъуэнри Iэмалыншэу щыткъым. Министрым жиIащ «несвязнэ» жыхуаIэ дэIэпыкъукIэ лIэужьыгъуэр зэрыратыну хабзэр Iэмал зэриIэкIэ тынш зэращIар.

Министрхэр арэзы техуащ КъБР-м этил спирт, фадзэкIкI къыщыщIэгъэкIынымрэ щыщынымрэ пылъхэм ядэлэжьн комиссэ, абы зи Iуэху хэлъ ведомствэхэм я лIыкIуэхэр хэту, къызэгъэпэщыным, ди хэкуэгъуэхэм я IуэхуэмкIэ Правительственнэ комиссэ щыIэн зэрыхуейм. Уэзнышагъэр хъумэныжмкIэ Iуэхущ1аIпIэхэр хущхъуэкIэ къызэзэгъэпэщыр зыуэ щытын, ар аптекэ хъумапIэм къалэн щыщIыным теухуауэ зэгурыIуащ. Абы къишынэмышIауэ, ягъэбелджылащ КъБР-м гу-лъытхуэ уэхэм щебэныным и гъэр зэрыщекIуэкIынур зыуб5ыхун комитетым и къалэнхэр.

«2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным арэзы щытехуащ зэIущIэм. 2015 гъэм а къэрал программэр гъэзэщIэным сом мелуан 437-рэ мин 463-рэ хухахыну хуэгъэпсэгъэгъуащ. Абы щыщу зыхуей -зыхуэфI кIащэхуэным сом мелуан 65,884-рэ, спортым хуэIэкIуэлъакIуэ щIэблэ гъэхъэзырыным, спортым зегъэужьным сом мелуан 280-м щIигъу, куэдым яхуэгъэза спортым зегъэужьным сом мелуан 57,430-рэ, зи Iэпкъэлъапкъым сэкъат иIэхэм яхуэхуа спортым зегъэужьным сом мелуани 7,664-рэ трагъэкIуэдэнущ.

Министрхэм къызэдащтахэм яIэщIыгъуэ щIыныр. «Спартак-Налшык» топджэгу гупыр къэрал автономнэ Iуэхущ1аIпIэ щIынырщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

Тхыдэм и жьыбгъэм а псори есеиж

Сталин Иосиф 1940 гъэм жиIауэ щытащ «Сэ сощIэ, дунейм сехьжа нэужь, сызэрыхаутэнур, уеблэмэ си кхъащхьэр пхъэнкIий идзыпIэ зэращIынур. Ауэ сэ щэч къытесхьэркъым тхыдэм и жьыбгъэм а псори зэрисеижынри».

ГИТЛЕР СССР-м и къыщытеуэм и гугъат и мурад фIейхэр къехъулIэну, КъухьэпIэм и щIыналъэ куэдым (Франджым, Данием, Голландием, Бельгием, Норвегием, нэгъуэщIхэми) хуэдэу, зэман кIэщIым кIриуфыдэу Совет Союз къэралышхуэри зыIэщIилъхьэну. ИпэкIэ иIа екъулIэныгъэхэм зи щхьэр ягъэунэза абы шэч лъэпкъи къытрихьэртэкъым зауэм зыхуэзымыгъэхьэзыра Совет Союзым щэхуу теуэмэ, гугъуехьышхуэ хэмыту ар зэриубыдыфынум. АрщхьэкIэ Сталиныр зи унафэщI къэралым утегушхэныр Iэху къыззэрыгукIэтэкъым. Фашистхэр мыбдеж зыщыIущIар зыпэмплъа лIыгъэшхуэ зыхэлъ, къикIуэт зымыщIэ советыдзэрщ.

Къауухъуреихьа Брест быдапIэм и хъумакIуэхэр махуэ 26-кIэ бийм пэщIэтащ. Одессэ и хъумакIуэхэм махуэ 43-кIэ зэрыпхъуакIуэхэм яебгъэрыкIуэныгъэм пэщIэтащ. Севастополь и морякхэмрэ лъэсыдзэхэмрэ махуэ 250-кIэ бийр кьалэм дахъхьакъым. Ленинград и цIыхухэр блокадэм махуэ 900-кIэ итащ, ауэ къэдзыхакъым. 1941 - 1942 гъэхэм я бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ Москва и гъунэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм белджылы ящIащ Гитлер и дзэр зыри зытемыкIуэну зэрыщымытыр. Фашистхэр километр 250-кIэ ирагъэкIуэтыжащ. Сталинградэ и деж нэмыщ1а зэрыпхъуакIуэхэр зэрыщ1эзэкахьутам къигъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм, Е1Iуанэ дунейпсо зауэм щытекIуэнур хэтми. 1943 гъэм Курск и деж ди зауэлIхэм кьыщ1ахьа текIуэныгъэм бийр гугъуехь инхэм хидзащ. 1944 гъэм и кIэм ди дзэхэм фашист лъыифхэр СССР-м и щIыналъэм ирахужащ. 1945 гъэм и накъыгъэм ди зауэлIхэм фашист хьэкIэкхъуэкIэр и гъуэм - Берлин - ираукIыхьыжащ.

Егоровымрэ Кантариерэ ТекIуэныгъэм и Бэракъыр Рейхстагым и щыгум щыфIадзащ. Нэхъ зауэ гуащIэ дыдэу дуней псом щекIуэкIам апхуэдэ лIыгъэ куэд щызэрахьащ ди зауэлIхэм. Ауэ щыхъукIи, ди зэманым Урысейм и жагъуэгъуэр хущIокъу тхыдэр зэрахъуэкIыну. Ауэ абыхэм я гугъуехьым зыри кьикIынукъым.

Ди зауэлIхэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм теухуауэ щапхъэ зыбжанэ хэтхьынщ. Жэщ-махуэ 1418-кIэ екIуэкIа зауэшхуэм ди зауэлIхэу 11600-рэ Совет Союзым и ЛIыхъжь щыхъуащ. Абыхэм ящыщу 126-р ТIэунейрэ ЛIыхъжь хъуащ, СССР-м и цIыху мелуан 16-м «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм фIыуэ зэрылэжьам папщIэ» медалхэр хуагъэфэщащ. Совет Союзым и Маршалу Жуковым, авиацэм и маршалхэу Покрышкиныжрэ Кожедубрэ ЛIыхъужьым и Вагъуэу щы ираташ. ИужькIэ Жуковым епIланэри хуагъэфэщащ. Тылым и лэжьакIуэ 200-м щIигъур Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь хъуащ.

Нэмыц1э зэрыпхъуакIуэхэр зэтеукIэным я гуащIэ мащIэ халъхьакъым ди щIыналъэм и зауэлIхэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 26-рэ Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуащ. Абыхэм ящыщщ кхъухьлъатэзехуэхэу Байсултанов Алим, Къардэн Къубатий, Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан, танкзехуэхэу Къардэн Къэбард, Уммаев Мухьэжыр, Мэсей Асльэнджэрий сымэ. ЦIыхуигбгъум ираташ ЩIыхь орденым и нагъыщIищри. Абыхэм ящыщщ Буцалэ Василий, Герасименкэ Николай, Мусэ Менлы, нэгъуэщIхэри. Адмирал Головко Арсений Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Зауэ Бэракъ ПлъыжьыМ и орденилI, Ушаковым и орденитI, Нахимовым и орден, Вагъуэ ПлъыжьМ орденитI, хамэ къэралхэм я дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыхуагъэфэщащ.

Сталинград дежь щекIуэкIа зауэм лIыгъэкIэ кьыхэжаныкIащ 115-нэ шуудзэм и зауэлIхэу, Ленинград и цIыхухэр блокадэм махуэ 900-кIэ итащ, ауэ къэдзыхакъым. 1941 - 1942 гъэхэм я бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ Москва и гъунэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм белджылы ящIащ Гитлер и дзэр зыри зытемыкIуэну зэрыщымытыр. Фашистхэр километр 250-кIэ ирагъэкIуэтыжащ. Сталинградэ и деж нэмыщ1э зэрыпхъуакIуэхэр зэрыщ1эзэкахьутам къигъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм, Е1Iуанэ дунейпсо зауэм щытекIуэнур хэтми. 1943 гъэм Курск и деж ди зауэлIхэм кьыщ1ахьа текIуэныгъэм бийр гугъуехь инхэм хидзащ. 1944 гъэм и кIэм ди дзэхэм фашист лъыифхэр СССР-м и щIыналъэм ирахужащ. 1945 гъэм и накъыгъэм ди зауэлIхэм фашист хьэкIэкхъуэкIэр и гъуэм - Берлин - ираукIыхьыжащ.

Егоровымрэ Кантариерэ ТекIуэныгъэм и Бэракъыр Рейхстагым и щыгум щыфIадзащ. Нэхъ зауэ гуащIэ дыдэу дуней псом щекIуэкIам апхуэдэ лIыгъэ куэд щызэрахьащ ди зауэлIхэм. Ауэ щыхъукIи, ди зэманым Урысейм и жагъуэгъуэр хущIокъу тхыдэр зэрахъуэкIыну. Ауэ абыхэм я гугъуехьым зыри кьикIынукъым.

Ди зауэлIхэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм теухуауэ щапхъэ зыбжанэ хэтхьынщ. Жэщ-махуэ 1418-кIэ екIуэкIа зауэшхуэм ди зауэлIхэу 11600-рэ Совет Союзым и ЛIыхъжь щыхъуащ. Абыхэм ящыщу 126-р ТIэунейрэ ЛIыхъжь хъуащ, СССР-м и цIыху мелуан 16-м «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм фIыуэ зэрылэжьам папщIэ» медалхэр хуагъэфэщащ. Совет Союзым и Маршалу Жуковым, авиацэм и маршалхэу Покрышкиныжрэ Кожедубрэ ЛIыхъужьым и Вагъуэу щы ираташ. ИужькIэ Жуковым епIланэри хуагъэфэщащ. Тылым и лэжьакIуэ 200-м щIигъур Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь хъуащ.

Нэмыц1э зэрыпхъуакIуэхэр зэтеукIэным я гуащIэ мащIэ халъхьакъым ди щIыналъэм и зауэлIхэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 26-рэ Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуащ. Абыхэм ящыщщ кхъухьлъатэзехуэхэу Байсултанов Алим, Къардэн Къубатий, Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан, танкзехуэхэу Къардэн Къэбард, Уммаев Мухьэжыр, Мэсей Асльэнджэрий сымэ. ЦIыхуигбгъум ираташ ЩIыхь орденым и нагъыщIищри. Абыхэм ящыщщ Буцалэ Василий, Герасименкэ Николай, Мусэ Менлы, нэгъуэщIхэри. Адмирал Головко Арсений Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Зауэ Бэракъ ПлъыжьыМ и орденилI, Ушаковым и орденитI, Нахимовым и орден, Вагъуэ ПлъыжьМ орденитI, хамэ къэралхэм я дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыхуагъэфэщащ.

Сталинград дежь щекIуэкIа зауэм лIыгъэкIэ кьыхэжаныкIащ 115-нэ шуудзэм и зауэлIхэу, Ленинград и цIыхухэр блокадэм махуэ 900-кIэ итащ, ауэ къэдзыхакъым. 1941 - 1942 гъэхэм я бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ Москва и гъунэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм белджылы ящIащ Гитлер и дзэр зыри зытемыкIуэну зэрыщымытыр. Фашистхэр километр 250-кIэ ирагъэкIуэтыжащ. Сталинградэ